


# 2016/17 NOUVO AKONPLISMAN @MDCPS



Tradisyon akonplisman ki ap kontinye nan Lekòl Leta Miami-Dade County resevwa onè nan nivo entènasyonal, nasyonal ak eta. Inovasyon, rijidite, aksè, ak efikasite se baz nouvo pwogram edikasyon solid ak inisyativ M-DCPS yo. Ane sa a, M-DCPS ajoute akonplisman sa yo sou lis distenksyon li yo ki ap ogmante:

## EKSELANS AKADEMIK

### Nivo Akonplisman Istorik:

- 1 66 poustan tout lekòl yo fè yon nòt "A" oubyen "B" pou premye fwa depi toutan, pa gen okenn lekòl "F" selon rapò Depatman Edikasyon Florid.

### To Gradyasyon ki Bat Rekò:

- 2 To gradyasyon pou 2015-2016 rive nan nivo li pa t janm rive avan, 80.4 poustan, ki depase mwayèn lòt gran distri lekòl nan Florid.

### Ekselans nan Egzamen SAT Komisyón Kolèj la:

- 3 Elèv lekòl segondè nou yo briye plis pase kamarad yo nan Florid avèk ogmantasyon nòt nan lekti, matematik ak redaksyon.

### Lekòl Segondè Nou yo Pami Meyè Lekòl nan Peyi a:

- 4 Nou gen sèt nan 100 meyè lekòl segondè nan peyi a e mwayte nan 20 Meyè lekòl nan Florid, selon klasman U.S. News & World Report.

### Yon Kantite Rekò Elèv Resevwa 'Associate Degrees':

- 5 Apre yo konplete kou nivo invèsite avèk siksè, 390 elèv dènye ane lekòl segondè resevwa yon diplòm lekòl segondè ansanm ak yon diplòm 'Associate's degree,' ki reprezante yon ogmantasyon 14 poustan parapò ak ane pase. Prèske 7,000 elèv lekòl mwayen ak segondè te patisipe nan klas anwolman doub yo.

### Diplòm 'International Baccalaureate (IB)':

- 6 Nan de (2) dènye ane ki sot pase yo, kantite elèv ki resevwa diplòm IB yo te ogmante a 78 poustan.

### Akademi NAF Yo Rekonèt Nasyonalman:

- 7 Akademi yo resevwa plis deziyasyon Distenge ak Modèl nan men 'National Academy Foundation (NAF)' pase kèlkeswa lòt distri lekòl nan peyi a.

## DIRIJE AVÈK VIZYON:

### Ekselans nan Rapò Finansye:

- 8 Pou 32yèm ane youn apre lòt, Komisyón Konsèy Lekòl la resevwa Sètfika Akonplisman pou Ekselans nan Rapò Finansye pou Rapò Finansye Anyèl Global li a.

### Nominasyon Nasyonal Prestijye:

- 9 Yo nonmen Sipèntandan Alberto M. Carvalho pou I sèvi nan Akademi Nasyonal Syans, Komite Jeni ak Medsin.

## PRIM

### Pwogram Magnet Nou yo Ap Briye nan Peyi a:

- 10 Pou siyèm ane youn apre lòt, Komisyón Konsèy Lekòl la resevwa plis Prim Merit 'Magnet Schools of America (MSA)' pase kèlkeswa lòt distri lekòl nan peyi a, li resevwa 42 prim. Nou ajoute 59 nouvo pwogram chwa/magnet, ki mete total la a prèske 600.

### Lidè Nasyonal pou Dirabilite nan Magnet:

- 11 MSA onore nou avèk Prim Donna Grady-Creer pou egzanp angajman pou egalite, ekselans ak divèsite, sipò ak pwomosyon lekòl magnet.

### Premye Prim Prezidansyèl NAF:

- 12 Gayan pi gwo prim nasyonal pou distri chwa, ki rekonèt travay ki fèt pou prepare elèv pou yo ka pare pou kolèj.

### Pwogram Cambridge Ekstrawòdinè:

- 13 Elèv nan nèf lekòl segondè Cambridge "Advanced International Certificate of Education (AICE)"(Sètfika Entènasyonal Avanse nan Edikasyon) resevwa Prim Etid Cambridge pou gwo nòt yo fè nan evalyasyon rijid sa yo, ki gen ladan meyè nòt nan Etazini e nan lemond.

### Pwoteje e Sekirize Enfòmasyon Elèv:

- 14 Nou resevwa So "Trusted Learning Environment (TLE)" (Anviwònman Aprantisaj ki Kredib) pou enplemantasyon pwoteksyon konfidansyalite enfòmasyon prive.

### Rekonesans Entènasyonal nan Lang:

- 15 Kat lekòl resevwa sètfika 'LabelFrancEducation' nan men Ministè Afè Etranjè Fransè dèské yo ofri amelyorasyon enstriksyon nan lang Fransè, plis pase kèlkeswa lòt distri lekòl nan peyi a.

## KONVÈJANS DIJITAL

### Ogmantasyon Teknoloji:

- 16 Nou te distribye 35,000 aparèy mobil adisyonèl, ki mete kantite total aparèy nan lekòl nou yo a prèske 140,000. Nou amelyore salklas yo avèk 900 nouvo tablo blan entèraktif ak 8,000 òdinatè biwo pou pwofesè.

### Elajisman Pwogram "Connect@HOME" (Koneksyon LAKAY":

- 17 Pou premye fwa, plis pase 500 elèv Klas Matènèl nan 20 lekòl elemantè te resevwa laptòp pou itilize lakay yo. Anpil nan aparèy sa yo genyen tou aksè Entènèt gratis.

# INISYATIV

18

## Rediksyon nan Kantite Egzamen:

Nou elimine egzamen entèmedyè nan mitan ane a nan lekti/redaksyon Anglè ak matematik pou elèv nan 3yèm rive 8yèm ane eskolè, sa reprezante yon rediksyon 12 administrasyon egzamen ak 185 minit adisyonèl nan lè klas.

19

## Deziyasyon STEM:

56 lekòl resevwa deziyasyon Bwonz, Ajan, oubyen Lò STEM, ki re-afime devlopman ak pwomosyon ki ap kontinye nan domèn STEAM ak STEM.

20

## Sitwayènte Dijital:

Nou ankouraje itilizasyon medya sosyal yon fason ki responsab nan tout lekòl atravè konpetisyon videyo #MDCPSPostPositive, fowòm elèv, kanpay medya sosyal ak kourikoulòm ki apwopriye ak laj elèv yo.

21

## Valè yo Enpòtan nan Miami:

Kanpay sa a, nou alaji sou tout ane a atravè distri a, pwomote yon kilti lekòl ki pozitif nan adresé bezwen sosyal e emosyonèl tout elèv an patenarya avèk òganizasyon a baz kominotè yo.

22

## Pwojè Edikasyon Mizik 'Betsy Kaplan':

Nou investi prèske \$500,000 nan sèt lekòl ki nan kominote defavorize yo pou ofri elèv yon edikasyon mizik ki konplè e pou ranfòse pwogram pèfòmans atistik yo.

23

## Chemen pou Konn Li/Ekri nan De (2) Lang:

406 elèv dènye ane lekòl segondè resevwa deziyasyon "Seal of Biliteracy" (So Konn Li ak Ekri nan De (2) Lang), ki rekonèt wo nivo konpreyansyon nan koute, pale, li e ekri nan de (2) lang oubyen plis.

24

## Pwogram Konsèye nan Travay:

Nou devlope yon kanpay pou pwomote wòl trè enpòtan konsèye lekòl yo jwe nan sipòte elèv e kolabore avèk paran, pwofesè, administratè ak òganizasyon kominotè yo.

# BONJAN PRATIK FINANSYE

25

## Ekonomi Taks:

Depi nou kreye GOB a, rezidan nan konte a reyalize yon dèt pou Komisyon Konsèye Lekòl la ki pi ba pase sa yo te prevwa, nan sa ki gen pou wè ak taks sou pwopriyete, avèk ekonomi taks ki totalize apeprè \$20 milyon, gras ak yon jesyon finansye pridan Distri a ap fè.

26

## Ogmantasyon Klasman Finansye Alontèm:

'Standard and Poor's Global Ratings (S&P)' ogmante klasman alontèm nou pou premye fwa nan plis pase 20 ane, soti "A+" rive "AA-" avèk yon vizyon estab, ki plis valide nan bonjan pratik fiskal ak operasyon efikas nou yo.

27

## 'Healthcare Bluebook' Pèmèt Moun Fè Ekonomi:

'Healthcare Bluebook', yon zouti mobil ki pèmèt anplwaye jwenn swen sante bon kalite a bon mache, redui frè pwogram sante Distri a de apeprè \$900,000 e li ofri rekonsans lajan kach \$230,000 pou anplwaye.

# BON OBLIGASYON JENERAL (GOB) AK ENPAK EKONOMIK LI

28

## Nouvo Lekòl Segondè Norland Ouvè Pòt li:

Lekòl Segondè Miami Norland ki reprezante pi gwo envestisman GOB, \$42 milyon, te akeyi elèv ann out 2016.

29

## Pwogrè GOB:

Ddepans ak travay sou kontra GOB yo totalize apeprè \$550.3 milyon, avèk plis pase 148 pwojè ki deja ap fini nan fen ane lekòl 2016-2017 la.

# PREPARASYON POU KOLÈJ/KARYÈ

30

## Edikasyon Karyè ak Teknik:

Pi gwo kantite enskripsyon nan pwogram karyè ak teknik nan Florid, avèk 111,700 elèv ki ap pran kou nan pwogram teknik ak akademi karyè yo. Nou ofri swazant trèz differan sètifikasyon.

31

## Pwogram Estaj pou Jèn nan Ete a:

Prèske 1,500 elèv patisipe nan inisyativ sa a, ki etann aprantisaj la pi lwen pase limit yon salklas tradisyonèl e ki pèmèt elèv angaje yo nan toude pwojè yo ansanm ak eksperians aprantisaj ki baze nan kominote a.

32

## Pwogram Inovatif Anwolman Doub nan Lekòl Mwayen:

Lekòl Mwayen Ponce de Leon ak Hialeah Gardens ofri kou kolèj anwolman doub an kolaborasyon avèk 'Florida International University' ak Kolèj Miami Dade.

33

## Plizyè Milyon Dola nan Bousetid:

Pwomosyon ki gradye an 2017 la resevwa plis pase \$370,000,000 nan bousetid, ki ouvè wout siksè nan edikasyon apre lekòl segondè.

# ANSYEN ELÈV REMAKAB

34

## Gayan Meday Lò Olenpik:

Lekòl Segondè Miami Northwestern ansanm ak kominote Miami-Dade la te onore Brianna Rollins, yon ansyen elèv lekòl la e yon Olenpyen, avèk yon jou ki te pote non li.

35

## Fim ki Ranpòte Prim 'Oscar':

Ansyen elèv Lekòl Segondè Miami Northwestern Barry Jenkins ak ansyen elèv 'New World School of the Arts' Tarell Alvin McCraney ranpòte Prim Akademi 2017 la pou Meyè Adaptasyon Senaryo pou fim 'Moonlight.' Meyè Imaj la prezante tou talan ki soti nan Lekòl Mwayen Norland ak Miami Northwestern.

# SUIV NOU



@MDCPS  
@MiamiSup



MiamiSchools  
AlbertoMCarvalho1



MiamiSchools  
MiamiSup